



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 1ye desanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRÈ KONSIDERAB POU PI BYEN PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT ENSIDAN NAN TRANPÒTASYON LWIL BRIT

Rapò sou sitiyasyon an dekri 66 aksyon yo te pran pou aplike dekrè egzekitif 125

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te resevwa yon [rapò sou sitiyasyon an](#) ki montre pwogrè enpòtan ki te fèt pa plizyè ajans nan Eta pou pi byen pwoteje kominote Nouyòk yo ak anviwonman kont potansyèl risk ki asosye avèk transpòtasyon lwil brit. Apre Gouvènè a te fin mande pou evalye kapasite New York pou anpeche epi adrese aksidan devèsman lwil, ajans Eta te mete sou pye 66 aksyon pou ranfòse standa, règlemantasyon ak pwosedi pou rann transpòtasyon lwil pa chemendefè ak dlo nan New York pi ansekirite, ak pou amelyore preparasyon nan ka devèsman ak repons.

“Pandan sis mwa ki sot pase yo, administrasyon nou an te pran aksyon rapid ak desiziv pou ogmante preparasyon eta ak pi byen pwoteje Nouyòkè yo kont posibilite yon dezast devèsman lwil,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Kounye a se moman pou patnè federal nou yo fè menm bagay. Gouvènman federal la jwe yon wòl enpòtan nan reglemante endistri sa a, e Washington dwe entansifye fason pou akselere aplikasyon règleman ak lwa ki pi ansekirite pou transpòtasyon lwil brit.”

Byen bonè ane sa a, ajans eta yo te òganize yon revizyon kowòdone sou pwosedi sekirite ak preparasyon repons ijans ki gen rapò a anbakman lwil brit volatil nan chan petwòl Bakken North Dakota nan preske 1,000 kilomèt nan Eta New York. Ajans yo te pibliye yon [rapò](#) nan mwa avril 2014 ki gen ladan 27 rekòmandasyon pou gouvènman eta, gouvènman federal ak endistri a pran pou redwi risk epi ogmante sekirite piblik nan transpòtasyon lwil brit. Rapò sou sitiyasyon an ki te pibliye jodia te montre aksyon eta pou aplike yon rekòmandasyon konplè evalyasyon plizyè ajans yo.

Jiska dat, ajans eta yo te kòmanse aplike tout 12 rekòmandasyon gouvènman eta e yo te konplete senk. Spesyalman, Eta New York te pran 66 aksyon pou pi byen prepare sekouris eta ak lokal sizoka ta gen yon ensidan devèsman lwil brit. Eta New York pral kontinye travay pou l aplike antyèman tout 12 rekòmandasyon yo.

Ajans federal yo te kòmanse pran aksyon sou plizyè rekòmandasyon nan rapò a, men ritm lan te gen yon lantè inaksetab. Endistri chemendefè a sipòte anpil nan rekòmandasyon eta, te fè pwogrè sou yonsèl rekòmandasyon, e li te mete sou pye plizyè mezi volontè andeyò rekòmandasyon ki nan rapò a. Toutfwa, endistri pwodiksyon lwil te reziste a standa machin tank ki pi fò ak règleman ki mande pou konpayi yo redwi volatilite lwil brit anvan anbakman.

Eta New York pral kontinye ankouraje ofisyèl federal ak endistri a pou pran rapidman mezi pou plis pwoteje Nouyòkè yo, sa ki gen ladan akselere finalizasyon règleman pou amelyore standa pou machin tank yo epi angaje pou redwi volatilite lwil brit nan retire gaz ki fonn anvan anbakman.

Aksyon kle Eta New York te antreprann gen ladan:

- **Pèfòme enspeksyon sekirite tren yo:** Depatman Transpòtasyon Eta (NYSDOT) te ajoute senk nouvo enspektè sekirite ray tren pou amelyore sekirite tren ki egziste deja ranfòsman kapasite yo. NYSDOT te inisyè sèt enspeksyon eklè lwil brit e li te fè ekip avèk Federal Railroad Administration (FRA) pou enspekte 6,664 machin tren, enkli 4,656 DOT-111 machin, ak 2,564 kilomèt pis. Kòm yon rezilta, 740 pis ak ekipman tren te andomaje ansanm avèk 12 vyolasyon materyèl danjere.
- **Prepare Premye Sekouris yo:** Ajans eta yo te patisipe nan fòmasyon machin tren ak chemendefè CSX pandan ete sa a pou pèsonèl ak sekouris lokal yo nan Hudson Valley, Albany, Syracuse ak Buffalo e yo te patisipe nan twa egzèsis fòmasyon preparasyon ki te patwone pa Canadian Pacific railroad ak Global Partners LLP. Anplis, Divizyon Homeland Sekirite ak Sèvis Dijans Eta (DHSES) te ogmante fòmasyon ki gen rapò a lwil brit pou òganizasyon sèvis ponpye lokal e lap devlope nouvo pwogram fòmasyon. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife Eta te bay tou konsèy stratejik ak taktik pou operasyon depatman ponpye pandan faz inisyèl yon ensidan tren ki te ka rive ki gen ladan devèsman lwil. DHSES Eta gen aksè a done nan tan reyèl sou materyèl danjere CSX e li te mande menm aksè nan men Canadian Pacific and Norfolk Southern.
- **Mete ajou ak amelyore plan repons yo:** DEC te garanti angajman gouvènman federal pou mete ajou gwo reta nan plan entèvansyon devèsman lwil ki obligatwa dapre lwa federal. Anplis, Eta, avèk Gad Kot Etazini te kòmanse evalyasyon plan entèvansyon bato pou transpòtasyon tank ak remòkè kap transpòte lwil brit nan New York pou asire ke pwotokòl repons apwopriye reprezante risk inik ki gen rapò avèk Bakken brit ak sab goudwon Canadyen petwòl brit.
- **Pouse pou aksyon federal agresif :** Grasa reyinyon, lèt ak kòmantè fòmèl, Eta te ankouraje ofisyèl federal yo pou rapidman aplike chanjman règlemantè strik ki ta: amelyore spesifikasyon konsepsyon machin tank ak akselere eliminasyon machin tren ki pa ansekirite, ki ansyen; egzije plan repons spesifik jeyografik devèsman lwil pou tren lwil brit yo; mete sou pye standa ki pi sevè pou teste epi stabilite lwil brit; egzije sistèm frenaj otomatik pou konpayi tren yo; epi revize acheminman lwil brit pou asire wout ki pi apwopriye yo.

- **Ankouraje endistri lwil ak tren pou ogmante sekirite nan anbakman :** Eta ankouraje Enstiti Petwòl Ameriken, gouvènman federal ak gouvènè North Dakota pou pran aksyon pou retire gaz volatil nan Bakken brit anvan yo ekspedye l nan peyi a. Komisyonè Endistriyèl North Dakota te pwopoze yon pwòje règleman pou elimine gaz la nan sous e li te siyale ke li tap vote anfavè mezi yo pita nan mwa sa a.

Komisyonè NYSDOT Joan McDonald te deklare, “ Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, NYSDOT te pran mezi fèm pou asire ke konpayi transpò tren machandiz yo konfòme avèk règleman sekirite federal atravè yon seri enspeksyon ki sibile. Gouvènè Cuomo te egalman dirije chemen an nan ankouraje USDOT pou finalize nouvo règlemantasyon ki anreta pou machin tank yo, yon pwosesis ki kounye a ankou. Eta New York rete angaje pou fè tout sa li kapab pou pwoteje kominote yo kont aksidan potansyèl ki enplike transpòtasyon lwil brit pa tren.”

Komisyonè DEC Joe Martens te deklare, “Dekrè Egzekitif 125 Gouvènè Cuomo a te ba nou direksyon klè pou revize ak amelyore preparasyon Eta New York pou devèsman lwil brit. Nan premye sèt mwa yo nou te fè pwogrè enpòtan nan aplike rekòmandasyon yo nan dekrè egzekitif 125 la rapòte epi demontre ke Eta New York kontinye pou l eta ki pi agresif nan peyi a lè li kesyon pou pwoteje kominote nou yo ak anviwonman an.”

Komisyonè DHSES Jerome M. Hauer te deklare, “Eta New York rete angaje pou redwi danje potansyèl ki poze pou kominote nou yo nan transpòte Bakken brit toupatou nan Eta New York. Se atravè yon apwòch prevansyon konplè, pwo-aktif, alèjman, ak kapasite amelyorasyon repons ke nou kapab redwi pwobabilite yon gwo katastwòf.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride